

Cambridge Public Schools  
**Fòm Anyèl Elèv 2019-20**

**TAB DÈMATYÈ**

□ Sondaj sou Lè lekòl Antre ak Lè Lekòl Lage	2
□ Lè Lekòl Lage: Orè Chak Semèn Pitit Ou	3
□ Règleman sou Rekonesans	4
□ Kondisyon Fanmi Militè	5
□ Piblikasyon Medya Jeneral	6
□ Chwazi pou Patisipe nan Liv Kontak Fanmi	7
□ Chwazi pou pa Patisipe nan “ <i>Anyè Enfòmasyon</i> ” Elèv	8
□ Chwazi pou pa Patisipe nan Kat Bibliyotèk ( <i>Jadendanfan Sèlman</i> )	9
□ ( <i>Lekòl Segondè Sèlman</i> ) Piblikasyon Enfòmasyon pou Militè, Anplwayè ak Inivèsite	10
□ Fòm Mizajou Enfòmasyon Kontak	11

---

**Enstriksyon:** TANPRI REVIZE, SIYEN EPI RETOOUNEN TOUT FÓM YO NAN PREMYE JOU LEKÓL LA.

---

# Sondaj sou Lè Lekòl Antre ak Lè Lekòl Lage

Arrival & Dismissal Survey

Non Elèv (si l posib ekri an Anglè): \_\_\_\_\_ (Name)

Klas: \_\_\_\_\_ (Grade) (CRLS) LC: \_\_\_\_\_ Pwofesè/Klas Patikilye: \_\_\_\_\_ (Homeroom)

\*\*\*\*\*

## Tanpri ede nou konprann kijan fanmi yo vini lekòl ak/retounen lakay yo.

Nan yon jounen nòmal, si tan an bon, kijan ptit ou ap vini lekòl nan maten epi retounen lakay li nan apremidi? Tanpri sèkle 1 opsyon sèlman pou AM ak 1 opsyon pou PM.

Otobis lekòl (bus)	AM	PM
Bisiklèt avèk paran/moun kap pran swen (Bicycle with parent/caregiver)	AM	PM
Bisiklèt poukont li (Bicycle independently)	AM	PM
Mache, aparèy ki gen de wou, paten poukont li (walk, scooter independently)	AM	PM
Paran kap kondwi avèk timoun ki nan fanmi an sèlman (parent driving with only your family)	AM	PM
Vwayaje avèk lòt fanmi nan machin (Carpool with other families)	AM	PM
Transpò piblik (otobis MBTA oswa tren, EZRide)	AM	PM
Taksi/Uber/Lyft	AM	PM

# Klas Jadandanfan-8 Sèlman:

## Orè Chak Semèn pou Pitit ou Lage Lekòl

Child's Weekly Dismissal Schedule

Non Elèv (si l posib ekri an Anglè): \_\_\_\_\_ (Name)

Klas: \_\_\_\_\_ (Grade) (CRLS) LC: \_\_\_\_\_ Pwofesè/Klas Patikilye: \_\_\_\_\_ (Homeroom)

Tanpri mete inisyal ou anba chak jou nan semèn nan, pou w montre kijan pitit ou ap vini lekòl la chak jou nan semèn nan. Sa pral ede nou nan lè lekòl la ap lage a.

Elèv la pral...	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
Ale avèk yon moun ki vin chache l ( <i>tanpri ekri non an an Anglè</i> ):  (picked up)					
Ale lakay poukont li (Klas 3-5) (walk independently)					
Pran otobis pou l ale lakay li ( <i>Tanpri bay plis detay</i> ) Non Otobis Lekòl la ( <i>Egzanp: Krapo Vèt</i> ) (Bus Home / Bus Name)					
Kote Otobis la Kanpe ( <i>Egzanp: Windsor ak Washington</i> )  (Stop Location )					
Pran yon ti otobis SP&R oswa kamyonèt (take an SP&R mini bus or van)					
Pran otobis la pou l ale nan yon pwogram apre lekòl oswa yon lòt kote. ( <i>Tanpri bay plis detay</i> ) - Ki kote yo prale?  - Non Ri a ak Kòd Postal la ( <i>Egzanp: 70 Rindge Avenue 02139</i> )					
Non Otobis Lekòl la ( <i>Egzanp: Krapo Vèt</i> )					
Kote Otobis la Kanpe ( <i>Egzanp: Windsor ak Washington</i> )					

**NÒT POU MOUN KAP MONTE OTOBIS YO:** Si pitit ou bezwen yon otobis diferan nan Maten, oswa si yo pa ka kapte orè yo isit la, ou DWE ranpli yon Fòm Chanjman Transpòtasyon yap voye pa lapòs ansam avèk lèt kalifikasyon pou transpòtasyon yo. Wap jwenn fòm nan tou nan biwo lekòl la oswa sou entènèt nan [www.cpsd.us/departments/transportation](http://www.cpsd.us/departments/transportation).

## Règleman Rekonesans (Policy Acknowledgements)

Tanpri mete inisyal ou pou w fè konnen ou konpran ak dakò avèk chak atik yo, epi siyen anba a.

Non Elèv (si l posib ekri an Anglè): \_\_\_\_\_ (Name)

Klas: \_\_\_\_\_ (Grade) LC: \_\_\_\_\_ Pwofesè/Klas Patikilye: \_\_\_\_\_ (Homeroom)

Deklarasyon sa a fè konnen ke nou resevwa yon kopi Gid pou Règleman pou Elèv ak Fanmi yo. Nou konprann li gen ladann enfòmasyon ki enpòtan sou kòd abiman, dwa sivil ak lòt lwa eta ak federal ak lòt règleman ki gen rapò ak edikasyon pitit ou ansanm avèk règleman Komite Lekòl ak règ lekòl la.

Nou menm, paran (yo)/gadyen (yo) ki siyen an, dakò pou nou travay avèk anplwaye lekòl la pou nou asire elèv yo mansyone anwo a vini lekòl chak jou, sof pou jou absans ki eskize yo; konplete devwa lakay yo epi swiv Kòd Kondwit ki nan Manyèl Dwa ak Responsablite yo, ak règ lekòl la. Nou menm, ki siyen an te revize règleman espesifik ki annapre yo avèk pitit nou epi nou dakò pou nou konfòme avèk règleman yo:

### RÈGLEMAN PREZANS ELÈV (Student Attendance)

Nou menm, ki siyen an, te resevwa Règleman sou Prezans e nou konprann konsekans ki genyen nan manke jou lekòl ak absans ki eskize/ak sa ki pa eskize.

### RÈGLEMAN SOU ZAM (Weapons Policy)

Nou rekonèt ke nou te resevwa ak li Règleman sou Zam nan Cambridge Public Schools ak entèdiksyon legal kont dwòg, zam ak agresyon sou anplwaye lekòl la. Siyati ki anba yo montre ke nou konprann Règleman Zam Cambridge Public Schools ak entèdiksyon legal kont dwòg, zam, ak agresyon sou anplwaye lekòl la e nou dakò pou nou konfòme avèk enstriksyon yo jan yo ekri a.

### RÈGLEMEN POU ITILIZASYON KI AKSEPTAB AK KÒD KONDWIT POU LOJISYÈL (Acceptable Use)

Siyati nou anba a vle di ke nou konprann Règleman pou Itilizasyon ki Akseptab ak Kòd Kondwit pou Lojisyl yo e nou dakò pou nou konfòme avèk enstriksyon yo jan yo ekri a.

### DESTRIKSYON DOSYE (Records Destruction)

Nou menm, ki siyen nan dokiman an, te revize règleman sou destriksyon dosye epi konprann ke nou detwi dosye elèv la pa pita pase sètan (7) ane apre gradyasyon, transfè oswa retrè nan Cambridge Public Schools; ak transkripsyon yo detwi apre swasant (60) ane.

### (Klas 6-12 Sèlman) RESI POU LWA KONT-BRIMAD (Anti-Hazing)

Nou rekonèt ke nou te resevwa ak li yon kopi M.G.L. a Chapit 269, Seksyon 17-19, Yon Lwa ki entèdi Pratik Brimad. Nou konprann ke yo distribye yon kopi lwa sa a bay manm, apranti, kandida ak moun ki aplike pou manm nan chak gwoup, ekip ak/oswa òganizasyon elèv nan lekòl mwen. Nou konprann tou e nou dakò pou nou konfòme nou avèk lwa sa a.

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## **Kondisyon pou Fanmi ki nan Militè** (Military Family Status)

Non Elèv (si l posib ekri an Anglè): \_\_\_\_\_ (Name)

Klas: \_\_\_\_\_ (Grade) (CRLS) LC: \_\_\_\_\_ Pwofesè/Klas Patikilye: \_\_\_\_\_ (Homeroom)

Timoun ki soti nan fanmi ki militè yo gen dwa a konsiderasyon espesyal ki vize pou rezoud enpak negatif nan tranzisyon ki souvan egziste ant distri lekòl yo. Li pa obligatwa pou w reponn kesyon ki nan fòm sa a, men si w fè li sa pral ede CPS detèmine konbyen elèv nou genyen ki soti nan fanmi militè.

Èske elèv la sòti nan yon fanmi ki militè? (Tanpri mete inisyal ou bò kote repons ou)

\_\_\_\_\_ Non, elèv la pa soti nan yon fanmi ki militè (00)

\_\_\_\_\_ Wi, yon paran/gadyen ki aktif nan sèvis militè (01)

\_\_\_\_\_ Wi, yon paran/gadyen ki se veteran oswa ki retrete oswa pran egzeyat medikal pou 1 ane (02)

\_\_\_\_\_ Wi, yon paran/gadyen ki mouri pandan li te nan sèvis militè (03)

# Chwazi Pou Patisipe nan Piblikasyon Jeneral Media

(General Media Release Opt-In)

**Nou vle selebre elèv ou a! Pou ba nou pèmisyon pou enkli elèv ou nan komunikasyon sou CPS ak lekòl ou, tanpri siyen anba.**

Non Elèv (si l posib ekri an Anglè): \_\_\_\_\_ (Name)

Klas: \_\_\_\_\_ (Grade) (CRLS) LC: \_\_\_\_\_ Pwofesè/Klas Patikilye: \_\_\_\_\_ (Homeroom)

Cambridge Public Schools (CPS) selebre siksè elèv, pwofesè, ak anplwaye yo atravè yon varyete atik ki enprime, odyo ak medya sou entènèt. Pou w bay pèmisyon pou yo enkli pitit ou, tanpri siyen anba a.

Mwen otorize Cambridge Public Schools ak Lekòl pitit gason/fi mwen pou yo anrejistre, filme, fè foto, odyo oswa vidéyo pitit mwen, imaj, resanblans, mo pale, travay elèv, mouvman ak pèfòmans, ak eksperyans aprantisaj nan nenpòt fason (sa yo rele ansanm "Travay"), ak pou yo afiche, pibliye, distribiye oswa montre Travay sa yo oswa nenpòt pati ladan yo, nan tout mwayen ak medya, pou objektif ak nan koneksyon avèk nenpòt materyèl Cambridge Public Schools ak Lekòl la pou Cambridge Public Schools ak/oswa Lekòl la kapab kreye, ki gen ladann men pa limite sèlman nan afiche nan Cambridge Public Schools ak/oswa lòt sit wèb ak medya sosyal tankou Facebookok, LinkedIn ak Twitter, nenpòt sit entènèt ki apwouve pa Depatman Teknoloji Edikasyonèl ak/oswa pou difize montre enfòmasyon sa a nan televizyon tankou Cambridge Educational Access (CEA) ak/oswa afiche, montre, pibliye, distribiye oswa montre enfòmasyon sa a nan yon evenman lekòl (tankou: afiche nan yon klas, nan koulwa lekòl la, nan pwojè lekòl la, biltén lekòl, nan yon ouvèti lekòl oswa yon ekzibisyon publik travay elèv la oswa anons bousdetid yon elèv, prim, onè ak/oswa plan apre lekòl segondè plan pou apre lekòl segondè oswa kòm yon pati nan enstriksyon klas la) (tout sa yo ansanm rele "Evenman Medya")

Lè m siyen fòm sa a, mwen bay pèmisyon ak otorize Cambridge Public Schools ak/oswa Lekòl la ekspreseman pou itilize, an pati oswa an antye, non pitit mwen, resanblans, imaj, mo pale, travay elèv, eksperyans aprantisaj, pèfòmans ak mouvman nan tout fason ak medya ak nenpòt evenman Medya, jan Cambridge Public Schools ak/oswa Lekòl la detèmine nan jijman pèsònèl yo.

Lè m antre nan konsantman enfòme sa a mwen dechaje Cambridge Public Schools ak Lekòl pitit mwen avèk dirijan yo, direktè, ajan ak/oswa anplwaye yo kont tout responsabilite, pèt, domaj, pri, reklamasyon ak/oswa san koz aksyon kap parèt oswa ki gen rapò ak patisipasyon pitit mwen nan Evenman Medya oswa itilizasyon Travay pitit mwen nan Evenman Medya.

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**EGZAMEN OSIJÈ APRANTISAJ SOSYO-EMOSYONÈL FASTBRIDGE  
FÒM POU ANILE ENSKRIPSYON**

SEL Screeener Opt Out

Non Elèv (si l posib ekri an Anglè): \_\_\_\_\_ (Name)

Klas: \_\_\_\_\_ (Grade) (CRLS) LC: \_\_\_\_\_ Pwofesè/Klas Patikilye: \_\_\_\_\_ (Homeroom)

Lekòl Piblik Cambridge yo (The Cambridge Public Schools) ap bay yon egzamen pou aprantisaj sosyo-emosyonèl pou evalye aprantisaj sosyo-emosyonèl elèv yo. Lekòl pitit ou an itilize evalyasyon sa a kòm yon egzamen inivèsèl pou ede pwofesè yo etabli pwofil devlopmantal elèv yo pou ansèyman yo bay nan salklas la kapab diferansye epi adapte pibyen epi pou yo kapab sipòtè elèv yo pibyen pandan y ap aprann. Yo pa itilize li pou evalye kalifikasyon pitit ou pou nenpòt sipò oswa sèvis daprè swa yon Plan Seksyon 504 oubyen yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP). Ou gen dwa pou enspekte egzamen sa a epi prezante yon demann alekri ba rektè/direktè lise lekòl pitit ou a. Epitou ou gen dwa chwazi pou pitit ou pa patisipe nan egzamen sosyo-emosyonèl sa a; pou fè sa, enfòrmé rektè/direktè lise a alekri oubyen ranpli Fòm pou Anile Enskripsiyan an ki anba la a.

**FÒM POU ANILE ENSKRIPSYON**

\_\_\_\_\_ Mwen PA VLE yo bay pitit mwen an fè egzamen sosyo-emosyonèl la.

Non Pitit la: \_\_\_\_\_ Ki Klas li fè: \_\_\_\_\_

Siyati Piti la: \_\_\_\_\_ Pwofesè a: \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan: \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

## **Chwazi pou pa patisipe nan “Anyè Enfòmasyon” Elèv**

(Student “Directory Information” Opt-Out)

Kite paj sa a vid si w vle pou yo pibliye enfòmasyon sa a.  
Siyen fòm nan pou w kenbe enfòmasyon sa a konfidansyèl.

Non Elèv (si l posib ekri an Anglè): \_\_\_\_\_ (Name)

Klas: \_\_\_\_ (Grade) (CRLS) LC: \_\_\_\_ Pwofesè/Klas Patikilye: \_\_\_\_\_ (Homeroom)

“Enfòmasyon Anyè Elèv” (non, dat prezans, klas, patisipasyon nan aktivite yo rekonèt ofisyèlman ak espò, foto/videyo, abònman nan ekip espò, diplòm, onè ak prim, gwo domèn etid, ak plan pou apre lekòl segondè) Cambridge Public Schools ka pibliye yo san konsantman paran/gadyen elèv la. Sepandan paran/gadyen yo ka chwazi pou yo pa patisipe nan pibliye enfòmasyon sa a.

Lè m siyen fòm sa a, mwen fè konnen ke MWEN PA vle pou yo pibliye non pitit mwen, klas oswa lòt enfòmasyon yo presize nan ki espesifik nan Gid pou Règleman Cambridge Public Schools nan paj 5 nan seksyon dosye elèv la san konsantman alekri mwen.

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## **Chwazi pou pa patisipe nan Kat Bibliyotèk Piblik Cambridge**

Jadandanfan Sèlman. KITE L VID si ou bezwen yon kat bibliyotèk pou pitit ou.  
(Library Card Opt-Out)

Cambridge Public Schools ak Bibliyotèk Piblik Cambridge vle pou tout elèv jadandanfan yo gen kat bibliyotèk. Cambridge Public Schools pral bay Bibliyotèk Piblik Cambridge non pitit ou ak dat nesans, adres, ak nimewo telefòn pou bibliyotèk la kapab bay pitit ou yon kat pou bibliyotèk la.



SI W VLE POU PITIT OU RESEVWA YON KAT BIBLIYOTÈK SOTE FÒM SA  
A – PA SIYEN LI

Si w pa vle pou Cambridge Public Schools bay bibliyotèk la enfòmasyon sa a, tanpri ranpli fòm ou pap patisipe a epi retounen li nan lekòl pitit ou.

Mwen PA vle pou yo pibliye enfòmasyon pitit mwen nan Bibliyotèk Piblik Cambridge.

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Klas: \_\_\_\_\_ Pwofesè: \_\_\_\_\_

**Chwazi Pou Pa Patisipe nan Piblikasyon Enfòmasyon Kontak Debaz**  
**(Lekòl Segondè Sèlman)** (Release of Basic Contact Information Opt-Out)  
**Siyen anba chak kategori si ou PA vle pibliye enfòmasyon**

Yon dispozisyon nan No Child Left Behind Act of 2001 an, yon lwa federal mande lekòl segondè yo lè yo resevwa yon demann, pou yo pibliye non, adrès, adrès imèl ak nimewo telefòn elèv ki nan lekòl segondè a bay anbochè militè Etazini, kolèj, inivèsite ak lòt enstitisyon edikasyonèl ak potansyèl anplwayè yo. Ou gen opsyon pou w PA pibliye enfòmasyon sa a lè w ranpli fòm ki anba a.

**POU W PA PATISIPE NAN PIBLIYE ENFÒMASYON KONTAK DEBAZ YO, SIYEN ANBA A**

Mwen rekonèt ak konprann ke mwen ka chwazi pou m pa pibliye enfòmasyon kontak pitit gason/fi mwen bay anbochè militè Etazini, kolèj, inivèsite ak lòt enstitisyon edikasyonèl ak potansyèl anplwayè yo. Poutèt sa, mwen mande pou Cambridge Rindge ak Latin School PA PIBLIYE enfòmasyon kontak debaz pitit gason/fi mwen (non, adrès, adrès imèl ak nimewo telefòn) pandan ane lekòl la bay okenn òganizasyon ki afiche anba a san mwen pa bay pèmisyon:

**ANBOCHÈ MILITÈ ETAZINI (Military)**

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**POTANSYÈL ANPLWAYE (Employers)**

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**KOLÈJ, INIVÈSITE AK LÒT ENSTITISYON EDIKASYONÈL (Universities)**

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**Si yo PA resevwa fòm sa a nan dat 1e Oktòb, yap pibliye enfòmasyon kontak debaz elèv la an akò avèk dispozisyon ki aplikab nan (Lwa Pa Kite Okenn Timoun Dèyè) No Child Left Behind Act of 2001 an.**

## Fòm Mizajou Enfòmasyon Kontak

(Contact Information Update)

Tanpri itilize espas ki anba a pou w bay enfòmasyon kontak aktyèl yo, ak non ak nimewo telefòn de lòt Kontak Ijans. Si l posib, tanpri ekri tout enfòmasyon yo an Anglè.

Non Elèv: \_\_\_\_\_ (Student Name) Klas: \_\_\_\_\_ (Grade)

Adrès Lakay: \_\_\_\_\_ (Home Address)

### Paran (yo) oswa Gadyen (yo) ki rete nan adrès sa a: (Parents/Guardians at address 1)

Non(yo): \_\_\_\_\_ (names)

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_ (tel) Èske sa se yon telefòn selilè? Wi (Y) Non (N)

Nimewo Telefòn Siplemantè: \_\_\_\_\_ (tel2) Èske sa se yon telefòn selilè? Wi (Y) Non (N)

Adrès Imèl: \_\_\_\_\_ (email) Adrès Imèl Siplemantè: \_\_\_\_\_ (e2)

### Paran (yo) oswa Gadyen (yo) ki rete nan yon lòt adrès: (Parents/Guardians at address 2)

Non(yo): \_\_\_\_\_ (names)

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_ (tel) Èske sa se yon telefòn selilè? Wi (Y) Non (N)

Nimewo Telefòn Siplemantè: \_\_\_\_\_ (tel2) Èske sa se yon telefòn selilè? Wi (Y) Non (N)

Adrès Imèl: \_\_\_\_\_ (email) Adrès Imèl Siplemantè: \_\_\_\_\_ (e2)

### Kontak Ijans (tanpri ekri non ak nimewo yo an Anglè) (Emergency Contacts)

Non: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

---

Cambridge Public Schools (CPS) pral itilize enfòmasyon ki afiche anwo a pou yo voye apèl telefòn otomatik, mesaj tèks ak/oswa mesaj imèl pou avèti paran/gadyen yo si gen yon sitiyasyon ijans tankou absans ki pa eskize, rive an reta, anile lekòl ak lòt kalite ijans nan lekòl la ak pou yo bay kontak pou evenman lekòl la. Lè w siyen fòm sa a ou konsanti pou w resevwa tout komunikasyon lekòl la, enkli komunikasyon lekòl la ki pa ijan, avèk nimewo telefòn selilè, ak/oswa mesaj tèks yo bay anwo a anplis de resevwa mesaj sa a pa liy telefòn prensipal ak/oswa imèl. Lè w siyen fòm sa a ou montre tou ke w konprann ou oblige avèti CPS de chanjman ki genyen nan enfòmasyon kontak ou epi ou dakò pou w dedomaje Vil Cambridge, CPS, Cambridge School Committee ak dirijan yo, direktè, mamm, anplwaye yo kont nenpòt reklamasyon oswa koz aksyon ki soti nan oswa ki gen rapò ak negligians pou w avèti CPS sou chanjman ki fèt nan enfòmasyon kontak ou. Lè w siyen fòm sa a ou montre tou ke w konprann ou ka

chwazi pou w pa resevwa apèl telefòn ki pa ijan ak/oswa mesaj tèks lè w kontakte lekòl ptit ou pou w  
mande pou yo retire w nan lis apèl kontak la.